Хэгъэгу пстэуми япролетарийхэр, зы шъухъу!

# Социалистическэ АДЫГЕЙ

ВКП(б)-м и АДЫГЭ ОБКОМРЭ ТРУДЯЩХЭМ ЯДЕПУТАТХЭМ ЯХЭКУ СОВЕТРЭ ЯОРГАН

№ 4 (3669) | Тхьаумаф, январым и 9 1944 илъэс | Къыдэкlырэр я 17-рэ илъэс Ыуасэр ч. 20

**Я 2-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэхэмэ, немцэмэ яобороне инэу гъэпытагъэм пхыратхъуи, непэ, январым и 8-м, фэкъолайхэу къыдауахьызэ ашlыгъэ маневрэм къыхэкlэу Украинэм иобластной ыкlи промышленнэ центрэ инэу къалэу КИРОВОГРАД — пыим иоборонэ мэхьанэшхо щызиlэ опорнэ пунктэу щытыгъэр аштагъ.**

## Верховнэ Главнокомандующым и ПРИКАЗ

### Армие генералэу КОНЕВЫМ факlо

Я 2-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэхэмэ, немцэмэ яобороне инэу гъэпытагъэм пхыратхъуи, непэ, январым и 8-м, фэкъолайхэу къыдауахьызэ ашlыгъэ маневрэм къыхэкlэу Украинэм иобластной ыкlи промышленнэ центрэ инэу къалэу КИРОВОГРАД — пыим иоборонэ мэхьанэшхо щызиlэ опорнэ пунктэу щытыгъэр аштагъ.

Мэфи 4 зэо пхъашэхэм къакlоцlы тидзэхэр километрэ 30-м щегъэжьагъэу 50-м нэсэу ыпэ кlэ лъыкlотагъэх, зыщыпхыратхъугъэ чlыпlэмэ фронтым ишъобгъуагъэкlэ километри 120-м нэсэу зырагъэушъобгъугъ.

Наступательнэ заохэу ашlыгъэхэм фронтым идзэмэ немцэхэмэ ятанковэ дивизиехэу 3, зы моторизованнэ ыкlи пехотнэ дивизиехэу 4 ащызэхакъутагъэх.

Къалэу КИРОВОГРАД штэгъэным пае ашlыгъэ заохэм генерал-полковникэу ШУМИЛОВЫМ, генерал-лейтенантэу ЖАДОВЫМ ядзэхэр, танковэ дзэхэмэ ягенерал-полковникэу РОТМИСТРОВЫМ, танковэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу КАТКОВЫМ, танковэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу ПОЛОЗКОВЫМ, танковэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу КИРИЧЕНКОМ ятанкистхэр, артиллерием игенерал-лейтенантэу ФОМИНЫМ иартиллеристхэр ыкlи авиацием игенерал-лейтенантэу ГОРЮНОВЫМ илетчикхэр къащыхэщыгъэх.

Анахьэу къащыхэщыгъэхэр:

Генерал-майорэу СЕРЮГИНЫМ ия 89-рэ Гвардейскэ стрелковэ Белгородскэ-Харьковскэ дивизиер, полковникэу ОГОРОДОВЫМ ия 110-рэ Гвардейскэ стрелковэ Александрийскэ Краснознаменнэ дивизиер, генерал-майорэу АНЦИФЕРОВЫМ ия 97-рэ Гвардейскэ стрелковэ Полтавскэ Краснознаменнэ дивизиер, полковникэу КОВТУН-СТАНКЕВИЧЫМ ия 297-рэ стрелковэ Славянскэ дивизиер, генерал-майорэу ЛЕБЕДЕНКОМ ия 50 стрелковэ Запорожскэ дивизиер, полковникэу ФЕДОРОВСКЭМ ия 303-рэ стрелковэ Верхнэ-Днепровскэ дивизиер, полковникэу СОРОКИНЫМ ия 409-рэ стрелковэ дивизиер, генерал-майорэу ЛОСЕВЫМ ия 72-рэ Гвардейскэ стрелковэ Красноградскэ дивизиер, генерал-майорэу МОРОЗОВЫМ ия 81-рэ Гвардейскэ стрелковэ Красноградскэ дивизиер, подполковникэу КЛЕПКО ия 25-рэ танковэ бригадэр, полковникэу ПОПОВЫМ ия 31-рэ танковэ бригадэр, подполковникэу ЧУНИХИНЫМ ия 170-рэ танковэ бригадэр, подполковникэу ВОГУНОВЫМ ия 57-рэ отдельнэ танковэ Полтавскэ полкыр, авиацием игенерал-лейтенантэу РЯЗАНОВЫМ ия 1-рэ штурмовой авиационнэ корпусэр, полковникэу ДОБЫШ ия 1-рэ Гвардейскэ бомбардировочнэ авиационнэ дивизиер, полковникэу НЕМЦЕВИЧ ия 205-рэ истребительнэ авиационнэ дивизиер, полковникэу ЗИНОВЬЕВЫМ ия 302-рэ истребительнэ авиационнэ дивизиер, артиллерием игенерал-майорэу ПОПОВИЧ ия 11-рэ артиллерийскэ дивизиер, артиллерием игенерал-майорэу ГУСАРОВЫМ ия 16-рэ артиллерийскэ дивизиер, подполковникэу КОТОВЫМ ия 1000-рэ истребительнэ противотанковэ артиллерийскэ полкыр, майорэу ШИЛЬНОВЫМ ия 1669-рэ истребительнэ противотанковэ артиллерийскэ полкыр, подполковникэу КОЗАРЕНКОМ ия 115-рэ истребительнэ противотанковэ артиллерийскэ Красноградскэ полкыр, подполковникэу ТИХОМИРОВЫМ ия 678-рэ гаубичнэ артиллерийскэ полкыр, майорэу ЕМЕЛЬЯНОВЫМ ия 1543-рэ самоходнэ артиллерийскэ полкыр, подполковникэу КРАВЧЕНКОМ ия 1694-рэ самоходнэ артиллерийскэ полкыр, майорэу РОЖМАНОВЫМ ия 263-рэ минометнэ полкыр, подполковникэу ФУРАЖЕВЫМ ия 292-рэ минометнэ полкыр, подполковникэу ЧУМАК ия 97-рэ Гвардейскэ минометнэ Краснознаменнэ полкыр, майорэу МЕДВЕДЕВЫМ ия 11-рэ отдельнэ Гвардейскэ минометнэ дивизионыр, полковникэу ЦЕПЕНЮК ия 60-рэ инженернэ-сапернэ бригадэр, майорэу СЫЧЕВЫМ ия 329-рэ инженернэ батальонэр арых.

Текlоныгъэу ашlыгъэхэр ознаменовать шlыгъэным пае, къалэу КИРОВОГРАД шъхьафит шlыжьыгъэнымкlэ ашlыгъэ заохэмэ къащыхэщыгъэ соединениехэм ыкlи частхэм «КИРОВОГРАДСКЭ» цlэхэр афэсэшlых.

Мы соединениехэм ыкlи частхэм тапэкlэ цlэу яlэщтэр:

Я 297-рэ стрелковэ Славянскэ-Кировоградскэ дивизие,

Я 50-рэ стрелковэ Запорожскэ-Кировоградскэ дивизие,

Я 409-рэ стрелковэ Кировоградскэ дивизие,

Я 25-рэ танковэ Кировоградскэ бригад,

Я 31-рэ танковэ Кировоградскэ бригад,

Я 170-рэ танковэ Кировоградскэ бригад,

А 1-рэ штурмовой авиационнэ Кировоградскэ корпус,

А 1-рэ Гвардейскэ бомбардировочнэ авиационнэ Кировоградскэ дивизие,

Я 205-рэ истребительнэ авиационнэ Кировоградскэ дивизие,

Я 302-рэ истребительнэ авиационнэ Кировоградскэ дивизие,

Я 11-рэ артиллерийскэ Кировоградскэ дивизие,

Я 16-рэ артиллерийскэ Кировоградскэ дивизие,

Я 1000-рэ истребительнэ противотанковэ артиллерийскэ Кировоградскэ полк,

Я 1669-рэ истребительнэ противотанковэ артиллерийскэ Кировоградскэ полк,

Я 678-рэ гаубичнэ артиллерийскэ Кировоградскэ полк,

Я 1543-рэ самоходнэ артиллерийскэ Кировоградскэ полк,

Я 1694-рэ самоходнэ артиллерийскэ Кировоградскэ полк,

Я 263-рэ минометнэ Кировоградскэ полк,

Я 292-рэ минометнэ Кировоградскэ полк,

Я 97-рэ Гвардейскэ минометнэ Кировоградскэ Краснознаменнэ полк,

Я 11-рэ отдельнэ Гвардейскэ минометнэ Кировоградскэ дивизион,

Я 60-рэ инженернэ-сапернэ Кировоградскэ бригад,

Я 329-рэ инженернэ Кировоградскэ батальон.

Немецкэ техакlохэмэ арашlылlэрэ заохэм мызэу-мытlоу къащыхэщыгъэхэ я 89-рэ Гвардейскэ стрелковэ Белгородскэ-Харьковскэ дивизиер, Я 303-рэ стрелковэ Верхнэ-Днепровскэ дивизиер, я 72-рэ Гвардейскэ стрелковэ Красноградскэ дивизиер, я 81 Гвардейскэ стрелковэ Красноградскэ дивизиер, я 67-рэ танковэ Полтавскэ полкыр, я 115-рэ истребительнэ противотанковэ артиллерийскэ Красноградскэ полкыр КРАСНОЕ ЗНАМЯ орденкlэ наградить ашlынхэу представить сэшlых ыкlи я 110-рэ Гвардейскэ стрелковэ Александрийскэ Краснознаменнэ дивизиер, я 97-рэ Гвардейскэ стрелковэ Полтавскэ Краснознаменнэ дивизиер СУВОРОВЫМ ия 2-рэ СТЕПЕНЬ орденхэмкlэ наградить ашlынхэу представить сэшlых.

Заохэм къащыхэщыгъэхэу танковэ дзэхэм ягенерал-майорэу КАТКОВЫМ, танковэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу ПОЛОЗКОВЫМ ыкlи танковэ дзэхэм ягенерал-майорэу КИРИЧЕНКОМ ятанковэ соединениехэр КРАСНОЕ ЗНАМЯ орденхэмкlэ наградить ашlынхэу представить сэшlых.

Непэ, январым и 8-м, сыхьатэр 21-м ти Родинэ истолицэу МОСКВА Родинэм ыцlэкlэ тидзэ шlагъохэу къалэу КИРОВОГРАД шъхьафит зышlыжьыгъэхэм топ шъитlурэ тlокlырэ плlырэмэ яартиллерийскэ залп тlокlыкlэ салютовать афешlы.

Шъо зэкlэ шъузипэщэ дзэхэу, къалэу КИРОВОГРАД шъхьафит шlыжьыгъэным пае ашlыгъэ заохэм ахэтыгъэхэу дэгъу шъыпкъэу зэуагъэхэмэ БЛАГОДАРНОСТЬ ясэхы.

Тиродинэ ишъхьафитыныгъэрэ ыкlи инезависимостырэ афэбанэхэзэ, хэкlодэгъэ геройхэм егъэшlэрэ щытхъор адэжь!

Немецкэ техакlохэмэ аджалэр зарафэтхын!

*Верховнэ Главнокомандующэр Советскэ Союзым и Маршалэу И. СТАЛИН.*

Январым и 8 1944-рэ илъэс.

